ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АЛЫЗ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРПАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№220 (22.878) • 2014 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 7, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Гъуаздж

ХьэщІэхэр ирагъэжьэж

Мысырым, Израилым, Индием, Ираным, Иорданием, Италием, Тыркум, Франджым, Белоруссием, Осетие Ипщэм я къэфакІуэ гуп нэхъыфІхэр зыхэта «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» IV дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр Налшык и Музыкэ театрым щэкІуэгъуэм и 5-м щызэхуащІыжащ.

МАХУИПЛІЫМ кІуриубдэу зи щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр, къафэ гъуазджэр республикэм щызыгъэлъэгъуа къэфакІуэ тельыджкэхэр хэтащ фестивалыр зэрызэхуащІыжым теухуауэ къызэрагъэпэща концертым.

Ялэу утыкур ягъэбжыыфІащ зи къэфакІэр дуней псом исхэм ягу дыхьэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакІуэхэм. Гупым и солист, хьэтИкІуэ Дер Мухьэмэд утыкум гуапэу кІыригъэблагъащ фестивалым хэтахэр. Адыгэ фащэ зыщыгъ щІалэхэм чэзууэ утыкум кьаращащ зи лІыкІуэ къэралым иныпыр зыІыгъ къэфакІуэхэр. Зэхуэсахэм я Іэгуауэм щІэту, ахэр ягъэтІысащ концертым ирагъэплъыну.

Къэфакіуэ гупхэм удаджым и правительствэм хэт министр зыбжанэ зэуэ зэрытекІам. Ахэр щІэпІейтейри ябзыщІыркъым: Курржыр Урысейм дежкІэ «къекІуэкІыжынкІэ» мэшынэ.

Курржым и премьер-министр Гарибашвили Ираклий щэкІуэгъуэм и 4-м и кІуныкъум тригъэкІащ зыхъумэжыныгъэмкІэ министр Алэсание Ираклий. Апхуэдэ унафэмкІэ зэрымыарэзыр къиГъэлъагъуэу, и Іэнатіэм Іукіащ МИД-м и Іэтащхьэ Панджикидзе Майе. Абы и къуэдзэу щыта цІыхуипЛІми жаІащ правительствэм щылэжьэну зэрыхуэмейр. Я къулыкъуэхэм апхуэдэу текІащ Курржым и лІыкІуэу НАТО-м щыІэ Долидзе Леванрэ интеграцэмкІэ министр Петриашвили Александрэ.

ЕС-м хьихьэ къэралхэм я политологхэм къызэралъытэмкІэ, Курржым политикэ къаугъэ къызэрыщыхьэжи хъунущ апхуэдизу къулыкъущІэ зэуэ я лэжьапІэхэм зэрыІукІар. Ар къызыхэкІыр текІа министрхэр Европэм нэхъ и телъхъэу щытахэр зэрыарарщ. Апхуэдизу министр, зэгурыІуами ярейуэ, зэрытекІам зэриГъэгъуэвар щабзыщІакъым США-ми.

Министрхэр зэрытекІам егъэгузавэ

Европэ зэгухьэныгъэм (ЕС) хэт къэралхэм я унафэщІхэр егъэгузавэ Курплъыжьым Дзэ Плъыжьым и парад щекІуэкІащ. Полкхэр абы икІри заншІэу зауэм Іухьауэ щытащ.

●Адыгей усакІуэ **ЕхьулІэ Сэфар** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

●Усакіуэ, журналист **Щоджэнц!ыкІу Нурий** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

●Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми щІэныгъэхэмкІэ щыІэ зиІэ я лэжьакІуэ **Быгуэ Хьэзрэталий** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

●Усакіуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къэжэр Пётр** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

●Усакіуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакІуэ **Джэдгъэф Борис** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

●АР-м и япэ президент, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Джарым Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

●Адыгэ уэрэджыІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артист, Кьандурым и дунейпсо саугъэтым и лауреат **Анзорокъуэ Чеслав** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

●ТхакІуэ, тхыдэжь **Бейтыгъуэн Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

Дунейм и щыгыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІыкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 13, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гъусэ пэплъэрэ пІалъэтесымрэ шэчыгъуейщ.

ХьэщІэхэр ирагъэжьэж

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Мысырым, Израилым, Индием, Ираным, Иорданием, Италием, Тыркум, Франджым, Белоруссием, Осетие Ипщэм я къэфакІуэ гуп нэхъыфІхэр зыхэта «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» IV дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр Налшык и Музыкэ театрым щэкІуэгъуэм и 5-м щызэхуащІыжащ.

МАХУИПЛІЫМ кІуриубдэу зи щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр, къафэ гъуазджэр республикэм щызыгъэлъэгъуа къэфакІуэ тельыджкэхэр хэтащ фестивалыр зэрызэхуащІыжым теухуауэ къызэрагъэпэща концертым.

Ялэу утыкур ягъэбжыыфІащ зи къэфакІэр дуней псом исхэм ягу дыхьэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакІуэхэм. Гупым и солист, хьэтИкІуэ Дер Мухьэмэд утыкум гуапэу кІыригъэблагъащ фестивалым хэтахэр. Адыгэ фащэ зыщыгъ щІалэхэм чэзууэ утыкум кьаращащ зи лІыкІуэ къэралым иныпыр зыІыгъ къэфакІуэхэр. Зэхуэсахэм я Іэгуауэм щІэту, ахэр ягъэтІысащ концертым ирагъэплъыну.

Къэфакіуэ гупхэм удаджым и правительствэм хэт министр зыбжанэ зэуэ зэрытекІам. Ахэр щІэпІейтейри ябзыщІыркъым: Курржыр Урысейм дежкІэ «къекІуэкІыжынкІэ» мэшынэ.

Курржым и премьер-министр Гарибашвили Ираклий щэкІуэгъуэм и 4-м и кІуныкъум тригъэкІащ зыхъумэжыныгъэмкІэ министр Алэсание Ираклий. Апхуэдэ унафэмкІэ зэрымыарэзыр къиГъэлъагъуэу, и Іэнатіэм Іукіащ МИД-м и Іэтащхьэ Панджикидзе Майе. Абы и къуэдзэу щыта цІыхуипЛІми жаІащ правительствэм щылэжьэну зэрыхуэмейр. Я къулыкъуэхэм апхуэдэу текІащ Курржым и лІыкІуэу НАТО-м щыІэ Долидзе Леванрэ интеграцэмкІэ министр Петриашвили Александрэ.

ЕС-м хьихьэ къэралхэм я политологхэм къызэралъытэмкІэ, Курржым политикэ къаугъэ къызэрыщыхьэжи хъунущ апхуэдизу къулыкъущІэ зэуэ я лэжьапІэхэм зэрыІукІар. Ар къызыхэкІыр текІа министрхэр Европэм нэхъ и телъхъэу щытахэр зэрыарарщ. Апхуэдизу министр, зэгурыІуами ярейуэ, зэрытекІам зэриГъэгъуэвар щабзыщІакъым США-ми.

Лэжьапщэм хухагъэхъуэну къагъэув

Германием и кьалэ куэдым, абыхэм Берлини яхэту, дыгъуасэ я лэжьыгъэр щызэпагъэуащ мафІэгухэм я машинистхэм. Профсоюзхэр зэрызэгурыІуам тету, ахэр махуитхукІэ лэжьэнукъым.

А Іэнатіэм пэрытхэм къаГъэув я улахэрэм процентитхукІэ хухагъэхъуэну, тхьэмахуэм кьурыбудэу зэрылажьэ сыхьэт 39-р сыхьэтитІкІэ нэхъ мыхъуми хуагъэмащІэну.

Забастовкэм гугъуехь мымащІэ хэкІишащ: километр 400-м нэблагъэм машинэхэр щызэтрихьащ, къалэхэр ерыскъыпхъэкІэ, гъэсынныпхъэкІэ, нэгъуэщІ зыхуеинухэмкІэ и чэзум къызэгъэпэщыни, Іуэхущ Іанпіэхэм я лэжьыгъэри зэблэунущ.

Министрхэр зэрытекІам егъэгузавэ

Европэ зэгухьэныгъэм (ЕС) хэт къэралхэм я унафэщІхэр егъэгузавэ Курплъыжьым Дзэ Плъыжьым и парад щекІуэкІащ. Полкхэр абы икІри заншІэу зауэм Іухьауэ щытащ.

●Адыгей усакІуэ **ЕхьулІэ Сэфар** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

●Усакіуэ, журналист **Щоджэнц!ыкІу Нурий** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

●Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, УФ-ми КъБР-ми щІэныгъэхэмкІэ щыІэ зиІэ я лэжьакІуэ **Быгуэ Хьэзрэталий** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

●Усакіуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къэжэр Пётр** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

●Усакіуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакІуэ **Джэдгъэф Борис** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

●АР-м и япэ президент, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Джарым Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

●Адыгэ уэрэджыІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артист, Кьандурым и дунейпсо саугъэтым и лауреат **Анзорокъуэ Чеслав** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

●ТхакІуэ, тхыдэжь **Бейтыгъуэн Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

Дунейм и щыгыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІыкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 13, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гъусэ пэплъэрэ пІалъэтесымрэ шэчыгъуейщ.

● Обозревателым и псалъэ

Захуагъэмрэ зэхуэдэныгъэмрэ я пщалъэ Октябрь революцэ

ЯмыгъэлъэпІэж, ауэ ящымыгъупщэжа махуэшхуэм теухуауэ

1920 гъэм Граждан зауэмрэ абы иужь илъэсхэм къэралым щекІуэкІахэмрэ хуабжьу зэхафІуІа Урысейм къэкІуащ инджылыз тхакІуэ Уэльс Герберт. Ар Ленин Владимир хуэзащ. Илъэгъуаехэр къыщиІуэтэжу иужькІэ абы къыдигъэкІа «Урысейр кІыфІыгъэм хэтщ» тхылъым мы псалъэхэр къыщихьат: «Кремлым сэ сыщригъэблагъащ фІэщхъуныгъэ ин дыдэ зыхэлъ икІи шыпсэхэм ещхьу телъыджкэ гугъапІэхэм зэщІалъэта цІыхум». КъэралыщІым и Іэтащхьэм хьэщІэм жриІат Урысейм и къэкІуэнур гъуэзджэжу щытыну, абы щхьэкІи зэфІагъэкІыну я мурадхэр хуиІуэтат. Ауэ дуней псом щыцІэрыІуэ фантастым и нэгу кьыхуущІэгъэхьэртэкъым тхьэмыщкІагъэмрэ зэхэкъутэныгъэ ин дыдэхэмрэ лъэгуажьэмыщхьу ягъэтІысха Урысейр зэгуэр къызэрызэфІувэжыну щыкІэр. Арщхьэкіэ илъэс бжьыгъ мащІэ нэхъ дэмыкІыу, и Іуэху еплъыкІэм зихъуэжауэ щытащ.

Мыгувэу дунейм и Іыхьэ ханэр зыІыгъ щІыналъэ абрагъуэм и псышхуэхэм ГОЭПРО планым япкъ иткІэ, ГЭС инхэр щагуэуу щІадзащ. Губгъуэхэм я кьиуатащ лэжьыгъэр щІэзыгъэпсынщІэ тракторхэр. Илъэс кьэс зэгуэр хуабжьу къыкІэрыхуауэ щыта къэралым щахуэгрт упсэунымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ заводхэр, фабрикхэр. Хэку зауэшхуэм и зэманым нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр зэхэзыкъута Дзэ Плъыжьым нэхъ лъэщ хьурт.

Псом хуэмыдэу заужьырт иджыри къэс хэутэн ящІу, нэмыплъ ирату къэгъуэгурыкІуа лъэпкъ цІыкІухэм. Октябрь революцэм и гупсысэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщытащ захуагъэмрэ цІыхуэхэр зэхуэгъэдэнымрэ. Властыр зыІэщІыхьа большевикхэм мыурыс лъэпкъхэм тхьбзэ, автономие иратащ. Абы мыхьэнэшхуэ дыдэ иІэт. Лъэпкъ зэхэщІыкІым хуабжьу хэхъуащ. Бзэ щІэныгъэлІ Елбэрд Хьэсэн зэгуэр къиІуэтэжауэ щытащ революцэм и пэкІэ ди щІыналъэм щыпсэуахэм адыгэхэр кьагъэпуду зэрыщытар: ахэр нэгъуэщІ щІыпІэ кьикІыу кьахэтІысхьауэ жаІэу. Иджы апхуэдэу жаІэну Іэмал щыІэжтэкъым. Дэтхэнэ лъэпкъыми езым и щІыналъэм унафэ щищІыжырт, Конституцэ, хабзэгъэув, гъэзэщІакІуэ органхэр, судхэр яІэжу.

Дауи, Совет къэралыщІэм псори тыншу кьехьулІэртэкъым. Абы зиужьын хуей хьурт и хъуреягъкІэ кьыхуэдзэлашхэ бийхэм ялэщІэту. Арщхьэкіэ цІыхуэхэм я зэхуэдэныгъэм и Іэфіагъэр зыхэзыщІыкІ сытуэдэ пажьыгъэри къатехьэлъэртэкъым. Зэхуэмыдэныгъэм нэхърэ цІыхури лъэпкъри нэхъ зыгъэпуд щыІэкъым. Иджы СССР-м щыпсэу псори зы унагъуэ хъуа хуэдэт. Сабийхэри зыщІалІыкІыр а гупсысэрт. Ар хуабжьу къахуэщхьэпащ къэралыр гъэунэхуныгъэ хьэлъэ щыхэхуу ткъуэрыгъэлъэгъуащ. Концептым кьырихьэлІахэм щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьикІахэм я къафэ гъуазджэр щІэщыгъуэ, нэгуэшуэ ящыхьунтэкъэ?! Псом хуэмыдэу уеплъыну гуапэт Йорданием щыщу ди хэкуэгъу щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ я къэфэкІэм. Гуапэт абыхэм адыгэбзэр, лъэпкъ фащэр, хабзэр, щэнхабзэр зэрахъумар. НэгъуэщІ щІыпІэхэм къикІа къэфакІуэхэм ахэр къащхьэщыкІырт я Іэпкълъэпкъыр зэрылантІэмрэ Іэдэбу утыку зэриты мкІэ. Апхуэдэу пшыхьыр яГъэдэхащ ди республикэм и «Балкария» къэрал Іуэрыіуатэ-этнографие, уэрэджымрэ къафэмкІэ «Тэрч хъэзакъхэр», «Каллисто» ансамблхэми. КІэщІу жыпІэмэ, щІыналъэхэм ис лъэпкъхэр зэпызыщІэ, абыхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэ зэхьихьэшхуэм кьырихьэлІа псоми концертыр ягу нэсащ.

УФ-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ Гурьянов Юрэ фестивалым хэтахэми абы кьырихьэлІахэми я гум кьыпсэлъыкІыу жиІащ щэнхабзэ зэхьихьэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Ди къуэш республикэхэм

Къат зыбжанэ мэхъу

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Іэтащхьэ ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий Мейкъуэапэ къалэкум зэман кІыхь хъуауэ щачуэхуэ хьэщІэщым зыщцилъхьахащ.*

ИЛЪЭС 35-м кІриубдэ зэманым а уху эныгъэм щІэупщІэ иІакъым. А проектыр пхыгъэжІыным иужь ихьащ «Европэ-Инвест» ООО холдингыр. Абы и унафэщІ Исаев Ризван 2011 гъэм уху эныгъэр къищэхужри, сом мелардитІ и уасэ парк-хьэщІэщыр зэфІэгъэувэныр кьрахьэжьащ. Исаевым республикэм и унафэщІыр я лэжьыгъэр зэрекІуэкІым, зыхунэсам, къатэщытхэм щыгъуазэ ящІащ.

– Мы уху эныгъэм текІуадэ мыхьэкІу илъэс 12 - 15-м къыхэпхьыжьыфыну аращ. Ауэ ТхьэжІушынэ Аслъэнджэрий сэрэ куэд щІауэ зэныбжьэгъугъэ дяку дэлъщ, ар къэзгъэгугъащи, уху эныгъэр и КІэм нэзгъэсынущ. Мыльку кьезгъэлэжьынкІэ КІыхьАІыхь хъуми, сэри Адыгейм и Іэтащхьэри дыдэрыгушхуэну уху эныгъэу щытынущ лъэныкъуэ куэдым хуэщІа мы хьэщІэщыр, - жиІащ Исаевым.

Къат зыбжанэу зэтет хьэщІэщыр 2015 гъэм и бжьыхьэм ятыну я мурадщ. ЦІыхуэхэщогугъ уху эныгъэр республикэм щынэхъ дахэ хъуну, абы зэрихьэну «Мадинэ» фэщыгъэцІэми ар хуэфэщэну.

Сертификат мин 21-м щІигъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Анэ капиталым теуха къэрал сертификат мин 21-м щІигъу дыдэрыт илъэсым республикэм щатащ.*

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, анэ капиталыр унэтІыныгъэщым трагъэжІуэдэфынущ: я псэупІэр ирагъэфІэкІуэным, сабийхэм щІэныгъэ ягъэтІуэтыным, анэм и къэкІуэну пенсэм.

Урысейм и Пенсэ фондым и Іуэхущ ІапІэу КъШР-м щыІэм къызэритамкІэ, республикэм щІэупщІэ нэхъ щызиІэр псэупІэрщ. Программэм лэжьэн зэрыщІидэдэрэ республикэм щыщ унагъуэ мини 8-м щІигъум мылъкур я псэупІэхэр егъэфІэжІуэным хухахащ. Анэ 80-м ахъшэр хуаунэтІащ я сабийхэр егъэдэжьэм, 3-м сертификатыр я къэкІуэну пенсэм халъхьэну мурад ящІащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

Іулъхьэмрэ фейдэмрэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щэкІуэгъуэм и 31-м иригъэкІуэкІащ «Іулъхьэм пэщІэтыным ехьэлІа Іуэхугъуэхэр: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и граждан жылагъуэм и еплъыкІэр» щІэныгъэ-практикэ конференцыр. Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ.

ФЕДЧЕНКЭ и пэублэ псалъэм къыхигъэщащ Іулъхьэ зэІэпыхьыным, абы кьишэ Іуэху мышцъэпэхэм ди гъащІэм увыпІэшхуэ зэрыщаубыдыр, кьулыкъущІэхэм я Іэнатіэр кьагъэсэбэпурэ мыхъумышцІагъэхэр зэрызэрахьэр, ар гъэхуэдэным теуха Іэмал куэд кьызэрагупсысыр. Къэпсалъэм щапхъэу кьихьащ Урысейм иужьрей илъэситІым абы и лъэныкъуэкІэ кьыщыхъуам.

- Дауэ хъуми, сыт хуэдэ хэкІыпІэхэр кьагупсысми, абы кьрикІуэр зэкІэ нэрылъагъэкъым, - жиІащ Федченкэ. - Іулъхьэм ебэныныкІэ къэрал политикэ яубзыхуащ, ауэ ар зэкІэ гъащІэм тэмэму хэпща хъуакъым. Іулъхьэ зэІэпыхьыныр гъэкІуэдыным нэхърэ нэхъ гуГуу кьызэлъытэ, абы цІыхур хуэзышэ щытыкІэр къэмыгъэхъунэр.

Адэкіэ псалъэ зрата, Жылагъуэ палатэм и комиссэм и унафэщІ, КъБР-м и нотариальнэ палатэм и Іэтащхьэ Целоусовэ Анусэ кьыхихъэщащ Іулъхьэр - кьулыкъущІэхэм я Іэнатіэр кьызэрагъэсэбэпым и мызакъуэу - ар республикэм щыщІы щытыкІэр зэІызыгъэхьэ къарууэ кьызэрилъытэр.

- Псалъэм кьыдэкІуэу жыпІэмэ, банкым кредит кьыщыІахкІэ, Іулъхьэ щызохкІуэ, ар, щэч хэмылъу, экономикэр ешІэжІакІуэ Іэхэугъуэщ, - жиІащ Анусэ. - Мы зэІущІэм и пэ кьихуэу къэпщытэныгъэ едгъэкІуэкІащ, абы кьрикІуэхэм кьыбжаІэ Іулъхьэр щІэнэгъэми, егъэджэныгъэми, узынщагъэр хъумэнми, экономикэми, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми зэрынэсар. Абы папщІэ зыми и нэІэ щІэмыт ямылагъуэ институтхэм, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм жыджэру дадэлажьэ щІэнэгъэм дгъэхуэдэнхъэщ. Сэ сызэрелъпымкІэ, Іулъхьэ зэІэпыхьыным лъэныкъуитІым фейдэ кьыхах: ар кьулыкъущІэм и жыпым из зэрищІырщ, цІыху кьызэрыгъэкІым и щхьэ Іузхур нэхъ псынщІэу зэрыдигъэкІырщ. Абы кьегъэлъагъуэ ди жылагъуэм гъэсэныгъэм, цІыхум хэлъыпхъэ хьэл-щэныр псыхьыным теуха лэжьыгъэ зэрыщІемыкІуэкІыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Іулъхьэм пэщІэтыныкІэ щыІэ законодательствэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Кривко Михаил, КъБР-м и Іэтащхьэм и администрацэм и къудамэм и унафэщІ Гуанэ Аскэрбий сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЩІэныгъэ-практикэ конференцым хэтахэр я гупсысэхамкІэ зэдзэгуащэ ящІу, резолюцэ къызэдащащ къаІэта Іулъхьэм и хэкІыпІэу къалъытэхэмрэ къалэнхэр зыгъэзэщІэн хуей кьулыкъущІапІэхэм щыгъэбелджылауэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

● Энергетикэ

Я щытыкІэр къепщытэ

Іуэхущ Іапіэхэм я зэдай комиссэ хэхам Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэм щыІэ газ гъэшІпІэхэмрэ зэрыхъумэжыныгъэмрэ я унафэщІхэмкІэ и къэрал комитетым и сайтым абы теуха унафэр щызэбграгъэхащ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым фэтэрэрэ уней лъапсэу 234058-м, промышленнэ предприятиу 291-м, мэкъумэш Іэнатіэу 110-м, коммунальнэ Іуэхутхьэбзэщ Іапіэу 2414-м газыр щаІэрохьэ. Республикэм газ кІуапІэу километр 7125-рэ къыщагъэсэбэп. Километр 4680,6-р щІы щІагъ бжьамийщ, газыр щызэхуагъакІуэ пунктхэр 247-рэ, щагуэшхэр 950-рэ мэхъу.

Инвентаризацэм и мурад нэхъыщхьэр газ кІуапІэхэмрэ гуэшыпІэ пунктхэмрэ я щытыкІэр къэпщытэнырщ, кІуэдыр зыхуэдизымрэ ар гъэмэщІэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмрэ гъэбелджылынырщ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыщу 28,9-м - федеральнэ, 431-м - щІыналъэ, 544,7-м щІыпІэ (муниципальнэ) мыхьэнэ яІэщ. Район администрацэм и нэІэм щІэту лэжьыгъэхэр къызыхуэтІыншэу йокІуэкІ. Мы зэманым «Главдорстрой» ООО-м и хуэдэ щІыпІэ бригадэр пэрытщ Светловодскэ жылагъуэм и автомобиль гъуэгурэ абы хиубыдэ лъэмыкІымрэ я зэгъэпэщІыжым.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

Махуэ лъапІэ

ЩІыхубэ зэкъуэтныгъэм и махуэр щІэблэм дерс къыхахын хуэдэу гъэщІэгъуэну икІи нэгу зыужьу щекІуэкІащ Кэнжэ дэт Щэнхабзэмкіэ унэм.

ЕДЖАПІЭ №20-м и пэщІэдзэ, курыт классхэм щеджэ цІыкІухэм драгъэкІуэкІа псалъэмакъыр теухуат ди щІыналъэм щыпсэу зэпкъхэм яку дэлъын хуей зэныбжьэгъугъэм, ди къэрал гербым, бэракъым, гимним, нэгъуэщІхэмри.

Иужькіэ сценэм къраша щыкІуэр хэкум, лъахэм, нэхъыжьыфІхэм, адэ-анэхэм ятеухуа усэхэм кьеджэнымкІэ зэпеуад. ТекІуахэр ягъэбелджылыу, залым щІэсхэм я гукъыдэжыр щхьІэтащ «Нартсанэ» жиІэу. Район администрацэм и нэІэм щІэту лэжьыгъэхэр къызыхуэтІыншэу йокІуэкІ. Мы зэманым «Главдорстрой» ООО-м и хуэдэ щІыпІэ бригадэр пэрытщ Светловодскэ жылагъуэм и автомобиль гъуэгурэ абы хиубыдэ лъэмыкІымрэ я зэгъэпэщІыжым.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

Гъуэгухэр зыхуей хуагъазэ

2014 гъэр къызэрихьэрэ «Стройресурс» ООО-м Дзэлыкъуэ районым щІыналъэ, муниципальнэ мыхьэнэ зиІэ гъуэгу лэжьыгъэу сом мелуан 20 и уасэ къыщырихьэлІащ.

КУЕЙМ и жылагъуэ псори къызэщІиубыдэу ирагъэкІуэкІа ремонтхэм хухахат сом мелуан 16,6-рэ. Мыбдежьым къаІыятащ зыхуей хуэгъазэхъуэ щыІэ гъуэгу дыхьэпІэхэри, объект щхьэхуэхэм екІуалІэ гъуэгурэри, нэгъуэщІхэри.

Мы зэманым иужь итщ «Дзэлыкъуэкъуажэ - Белокаменское» гъуэгу Іыхьэм и зэгъэпэщыжыным. Абы и кІыхьагъыр километр 15,4-р мэхъу. Ар кьалэн зыщащІа «Главдорстрой» Іэнатіэм лэжьыгъэхэр илъэсым и кІэм зэфІигъэкІыжыну. Ремонт зэІузэпэщым проектымкІэ и уасэр сом мелуани 157-м нос.

Дзэлыкъуэ районым и автомобиль гъуэгухэм километр 1005-рэ я кІыхьагъщ. Абы щыщу 28,9-м - федеральнэ, 431-м - щІыналъэ, 544,7-м щІыпІэ (муниципальнэ) мыхьэнэ яІэщ. Район администрацэм и нэІэм щІэту лэжьыгъэхэр къызыхуэтІыншэу йокІуэкІ. Мы зэманым «Главдорстрой» ООО-м и хуэдэ щІыпІэ бригадэр пэрытщ Светловодскэ жылагъуэм и автомобиль гъуэгурэ абы хиубыдэ лъэмыкІымрэ я зэгъэпэщІыжым.

ЛЪОСТЭН Музэ.

«Тэрч-2» (Гроэнэ) - «Спартак-Налшык» - 0:0

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ, дыгъуасэ Гроэнэ кьалэм щызэхэта зэпущІэр бжьыгъэ сэІуамыхауэ зэфІэкІащ.

«Тэрч-2»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэпэщІэтыныгъэр зэрекІуэкІамрэ зи чэзу джэгуГуэм иужькІэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ дгъэтым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

ХьэщІэхэр ирагъэжьэж

(КІэухыр. Пэщідэдзэр 1-нэ нап.)

- Лъэпкъхэм я псэр зыхэлъ уэрэдым, макъамэм, къафэгъэзджэм цІыхухэр зэкъуегъэувэ, ахэр фІым, гуапагъэм хуегъэуш. Къафакіуэхэр махуипліым къриуфыбдзу республикэм и хьэщІащ зыхуей хуэзэу, - жиІащ Гурьяновым, - ФІыщІэ ин худощі фестивалыр щеКІуэкІа республикэм и Іэтащхэ **КІуэкІуэ Юрий**, нэхъыбэ мы Іуэхр ирагъэзэгъэпэщащ **Фырэ Руслан**, КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ министр **Емуэ Нинэ**, КъБКъУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий**, республикэм и къалэ, къуажэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэм, зэхьхьэкэр егупъуу кьыЗэрызэрагъэпэщам, хьэщІэхэр гуапэу зэрырагъэблагъэм папщІэ.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин жиІащ хьэщІэхэр республикэм зэрыщыІа махуэхэр дуней псом и гъуэджэ, щэнхабзэ хъуГуэфыгъуэхэм я дахагъэхэмкІэ гъэнщІауэ зэрыщытар, къэфакІуэхэм республикэм щагъэкІуа махуэхэр гукъинэж ящыхьуну зэрыщыгугъыр. Нэгъуэщі щІыпІэхэм кьикІа къэфакІуэ щэнхабзэ зэхьихьэр зэрагъэдэхам папщІэ. Министрым хьэщІэхэм яжриІащ иджыри ди щІыналъэм къытрагъэзэну гупыж ящІмэ зэригуапэр. Къумахуэ Мухьэдин къэфакІуэ гупхэм яритащ фестивалым зэрыхэтам щІыхь тхьэгъэ щІыхь тхьапхэр.

Зэхьхьэм зыкъыщызыгъэпэгъуачэр пшыхьым и кІэухым «Балкарие» къэрал Іуэрыіуатэ-этнографие ансамблым и гъусэу удж-хэш къэфащ. КьирихьэлІахэм уэрэдымрэ къафэмрэ къарита гуфІэгъуэмрэ дзэрэжэгъуэмрэ кьыбжаЗэрт концертыр гъэщІэгъэн, щІэщыгъуэ зэращыхьуэр. «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» IV дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалыр аргуэру зэ щыхьэт техъуауэ мыпхуэдэ зэхьихьэкэм щІыхуэкэр зэрыхуэныкъуэм.

Концерт нэхъыбэм журналистхэм я упщІэхэм къэфакІуэхэм жуап кьратащ. Бзэкіи, динкіи, щэнхабзэкіи, нэгъуэщІ куэдкІи зэщхьэщыкІ къэфакІуэхэр зэщхь хьужат я фащджэр зыщІахьжу щызэхтІысхьэжам. Тэрмэшхэр здагъэзІэныкъуурэ хьэщІэхэм къыджаІащ ди щІыналъэм щагъэкІуа махуэхэр гукъинэж икІи нэгуэныжь зэращыхьуар, щІыпІэм и дахагъэр, абы щыпсэу щыхьэм дальэгъуа гуапагъэ ягу зэрыдыхьар, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я къафэ гъуэзджэм, фащэм, щэнхабзэм, хабзэм кІэльыплІьыну Іэмалыфі зэрагаІар, республикэм иджыри къытрагъэзэну зэрахъуэпсапІэр. Лъэпкъ фащэхэм я тхыдэм теухуауэ хьэщІэхэм къаІуэтар гъэщІэгъуэнт. Белоруссием къикІа бзыльхугъэхэм жаІат Іуащхьэмахуэ лъапэм, Шэджэм псыкьелъхэм зыщамыпльыхьауэ гъэгу зэрытехьэжьынур ягу кьыззэреуэри, Къумахуэ Мухьэдин ахэр кьигъэгугъащ ди щІыпІэ дахащэхэр ягирагъэльагъуну.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ*

Къафэм гурэ псэкІэ хуэгъэза гупхэр

• Фестиваль

ЕтІанэгъэ илъэс 250-рэ иракъуну Прохладнэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэм ящыщу (Налшык и ужькІэ) цІыху нэхъыбэ дыдэ щыпсэу щІыналъэщ. Зэгуэр къэзакъ станицэ цІыкІуу кьежьа Прохладнэм Закавказьемрэ Урысеймрэ зэпызыщІэ пощт гъэзур кІуэцІрыкІыу щытащ. Станицэм нэхъыбэу зыщиужьар 1860 гъэхэм тохуэ, Тэн Іуфэ Іус Ростов къыщегъэжьауэ Владикавказ екІуалІэ гъущІ гъэзур къыщыдзэІуаха зэманым. 1937 гъэм станицэр къалэ хъуащ. Абы игъэта цІэм текуауи яхьибар зэмылІэужьыгъуэхэр щыІэщ. Апхуэдэхэм ящыщ зыр епхащ зэгуэрым къытхуеблэгъауэ щыта дзэ, къэрал къулыкъущІэ Потёмкин Павел и цІэм. Гъэмахуэ махуэу Балъкъ псым бгъурыкІ сабэ Іуэгуфыкіэ ар игъэжэрт. Потёмкиным къильэгъуащ псым и Іуфэм лъапсэ зытхух зэрыІуусыр. Гъэмахуэ цІывыгъуэми, абыхэм салъкъыныр ящхьэщытт. Абы гу лъызыта къэрал лэжьакІуэраУз жаІэж Прохладнэм а цІэр езытар.

Мы зэманым къалэм дэтщ щыгъын щад фабрикэ, чырбыш щащІ завод, гъущІым щелэжь, пхъэщхьэмыщхьэхэр щагъэкІ, щІакхъуэ щагъажьэ, унагъуэ хуэлухуэщІэхэр ящыщІзэгъэкІ Іуэхущ Іапі Іэ куэд дыдэ. Абы щыпсэуэхэр, ялъэкІ къамыІанэу, щэнхабзэмкі, экономикэми, узыншагъэр хъумэнми толажьэ.

Прохладнэм и тхыдэм зыщІыхуэдгъэзжам и зы щхьэусыгъэуэр иджыблагъэ абы и хьэщІа «Шалом» къэфакІуэ гупым хэтхэр (Израильым къикІауэ) а псом дихьэхауэ зэрыщІэдзэІуарщ. Хьыбархэр къиІуатэрт Налшык щыпсэу, журт лъэпкъым щыщ, Арнольд зи цІэ зэдзэкІакІуэ щІалэм. Хамэ къэралым къикІа цІыху 40-р къыззырарашэкІ автобусым журналистхэри дисти, хьэщІэхэм ядэтпІагъуэт ди щІыналъэм теухуауэ нэхъыбэ къащІэну ахэр зэрыхуэпабгъэр. Ди гъэзур здэунэтІар Прохладнэ къалэрти, псом хуэмыдэу ди хьэщІэхэм тельыджэ ящыхьуауэ гу лъыттащ абы кІуэ гъуэгум и жьыбрабгъумкІи сэмэгурабгъумкІи жыг хадэ екІуэкр щагъэкІыну зэралъэгъуар.

Прохладнэдэсхэр гуапэу, ди республикэм и хабзэ псори къэлыпытауэ, къаІуащІащ Израилым къикІа гупми нэгъуэщІ машинэкІэ абы ныткІэлэпкІуэ белорус цІыхубзхэми («Адраджэнне» лъэпкъ Іуэрыіуатэ ансамблым хэтхэм). Ансамблхэм зыкъагъэлъэгъуэнут «Іуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащІэ къафэхэр» IV дунейпсо Іуэрыіуатэ фестивалым иткъ иткІы. Ди гъэм епІанэу екІуэкІ а Іуэхущхэм къыззыІуэтри, къафэхэм уэрэдкІэ зыззэрахъуэкІащ. Журтхэм я дежкІэ нэхъ лъапІэхэм ящыщу гу лъыстащ уэрэджьыІакІуэ бзыльхугъэм ялъэу игъэззащІар. «Иерусалим дыщэ» зи фІэщыгъэ а уэрэдыр я лъэпкъ тхыдэм зэрыпыщІам, абы щІыхубзм я Хэку лъагъуныгъэр кьыщагъэльагъуэу зэрыщытым ди гъунэгъуу щыса журт щІалэм дыщигъэгъуэзащ.

«Шалом» гупым пшыхьым и ящІ Іыхьэр зыхуищІыжа нэужь, гушыІэ зыхэлъ белорус бзыльхугъэ нэфІэгуфІэхэм я лъэпкъ Іуэрыіуатэм щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкІэ дыхащащ.

Ансамблхэми ахэр зи хьэщІэ прохладнэдэсхэми захуигъэзащ пшыхьым и хьэщІэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЮНЕСКО-м епхауэ Іуэрыіуатэмрэ гъуэзджэмкІэ фестивалхэр кьызззыгъэпэщхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и дыжьын дамыгъэр зыхуагъэфэща Гурьянов Юрий. «ГуфІэгъуэ махуэм нэхъыфІ сыт щыІэ?! Абы и фІыгъэкІэ нобэ цІыху гуапэ къэдым дрихьэлІащи, ар насыпышхэщ, - жиІащ хьэщІэм, - Щэнхабзэмкіэ унэм и щІыхьэпІэм Прохладнэ къалэм Гъуэзджэмкіэ и сабий школым и гъэсэнхэм щрагъэзэкІа лэжьыгъэхэм я щхьэм тетхауэ сыкъеджащ: «Мамыфыгъэмрэ зэныбжьэгъуГэмкІэ дыбейщ». Ар зэрыпэжьым сэ фІы дыдэу сыщыгъуазэщ. Гу лъытэн хуейщ Урысейм щрагъэкІуэкІ Іуэрыіуатэ фестиваль къэдым мыр зэрефІэкІыпм. Уриконщ ар Европэм щынэхъ лъагэ Іуащхьэмахуэ и щыгум зэрыщекІуэкІ къудейр. ФефІакІуэ, зыбжь, узыншэу фыщыт!»

Прохладнэ районыр зэрыжумартым и щыхьэтт хьэщІэхэм хьыхуаІэта Іэнэр. ЗэрытщІэщи, адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ я хабзэу къекІуэкІащ тхьэмахуэ бжьыгъэкІэрэ зэхашэу щыта гуфІэгъуэ Іэнэм дзапэ зэрэдыр щытепщэу. Ди гуапэ хъуащ журтхэр зыпэрыса Іэнэми апхуэдэ хабзэ къызэрыщекІуэкІар: хъуэхъум уэрэдыр кІэльыкІуэу ...

Махуиплкіэ екІуэкІа фестивалыр концертышхэкІэ Музыкэ театрым вэсэмахуэ щызэхуащІыжащ. Дыщыгъгынщ дэтхэнэ гупми ди щІыналъэм щыщ хуабагъэ, гуапагъэ гуэр здахьауэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Куэдым я гъуэгу гъэлъагъуэ ЖьэкІэмыхъу Мусэбий

• Фэеплъ

ЩІэныгъэлІ щыпкъэ, къэхутакІуэ цІэрыІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым физикэмкІэ и факультетым илъэс куэдкІэ щылэжьа, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м геофизикэмрэ экологиемкІэ и кафедрэм и профессор ЖьэкІэмыхъу Мусэбий Къас и къуэр ящыщщ къыщалъхуа щЫпІэм, хэкум я ехъуІэныгъэхэр зи пльапІэу дунейм тета цІыхуэм. ІэщІагъэлІ гъуэзэджэу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ ІэкІуэлъакІуэу щыта а цІыху псэ къабзэр зэрыжамэ, мы махуэхэм илъэс 80 хъунут.

ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Мусэбий 1934 гъэм щэкІуэгъуэм и 7-м Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Гурыхуэу къэхъуа щІалэм иджыри сабийуэ фІэгъэщІэгъуэн хъуащ есэпыр. Нэхъ баигъ хъуа нэужь, ар дихьэхащ физикэми. Курыт школым фІы дыдэу щеджа Мусэбий щІэтІысхьащ Къэбэрдей къэрал педагогикэ институтым икІи ехъуІэныгъэхэр иЕу ар 1956 гъэм кІиухащ. ЩІэныгъэ-къэхутэныгъэ гъуэгум пасэу техьа щІалэгъуалэм ящыщащ ЖьэкІэмыхъур. КъБКъУ-м физикэмкІэ и кафедрэм зэрыщылажьэм хуэдэуэр, ар щеджащ аспирантурэми. 1965 гъэм Мусэбий игъэхьэзыращ икІи екъуІэныгъэ иІэу пхиГэкІащ и апэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ иныр икІи абы кьыфІащащ «Физико-математикэ щІэныгъэхэм я кандидат» цІэр.

Зи къэхутэныгъэхэмкІэ, лэжьыгъэм хуиІэ жэуапльныгъэ лъагэмрэ зэхэщІыкІ куумкІэ зи цІэр фІыкІэ Іуа ІэщІагъэлІыр щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьу 1967 гъэм ирагъэблэгъащ Бгы лъагэ геофизикэ институтым. Физикэм и теориемкІэ институтым и кафедрэм щылажьэу, абы пищащ къэхутэныгъэ хьэлэмэтэхэр зэфІэхьыным. Иджы ахэр пыщІат хьэршым щызекІуэ гъуэзым и псынщІагъыр, абы зэрызихъуэж щыкІэхэр убзыхуным. Профессор цІэрыІуэ Франкель Феликс и нэІэм щІэту а уиэтІыныгъэ хьэлэмэтым ехьэлІауэ ЖьэкІэмыхъум иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр щІэныгъэ лэжьыгъэ псо хъуат. А диссертацэр абы утыку кьрихьащ 1988 гъэм икІи пщІэпшхуэ, ехъулІэныгъэхэр щІалэм я щІыпІэм ящыщу ІэщІагъэм зэрыхуэІэижьым, лэжьакІуэхэр я кьалэнхэм фІыуэ зэрыщыгъуазэм. КъБР-м щыІэ УФССП-м и суд пристав-гъэзэщІакІуэхэм ильэс кьэс Урысей ФССП-м и аппарат нэхъыщхьэм иригъэкІуэкІ урысейпсо зэпеуэхэм увыпІэ пашэхэр щеубыд, ехъулІэныгъэ лъагэхэр щагъэльагъуэ. Абыхэм егупъуу ягъэзащІэ судхэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщыным теухуауэ ягъэува хабзэр, я зэман, я гуащІэ емыблэжу я пащхьэм ит кьалэнхэр зэрызэфІахьним яужь итщ: сабий алиментхэр ирагъэт, улахуэр зейм Іэрагъэхьэж, кьызэпауда цІыхум и хуитныныгъэхэр зэфІагъэувэж, бюджет лІэужьыгъуэ псоми хэлъхьэныгъэ хуащІ.

Республикэм и Суд приставхэм щагкІуэгъуэм и 1-м я махуэшхуэм теухуа Іуэхугъуэ гуапэ ирагъэкІуэкІащ - щІэуэ къахьихьахэм тхьэрыІуэ ятащ, лэжьыгъэм кьыжэжаныкІахэр сауГъэтхэмкІэ ягъэпэжащ. Махуэшхуэ зэхьихьэм кърагъэблэгъа я ветеранэр нобэ къаІэныр езыхьэкІхэм псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащ. Щапхъэ, чанджэщэгъу кьахуэхьу нэхъыжьыфІхэм фэеплъ саугъэтхэр ирата щ.

КъБР-м щыІэ УФССП-м и лэжьакІуэхэм адэкІи я Іуэхухэр ирагъэфІэкІуэну, ехъулІэныгъэфІэкІэ зыІэрагъэхьэну, хагъэхъуэну дяпэкІи я мурадщ.

АЛЪТУД ФатІимэ.

Махуэшхуэ зэхыхьэ

2009 гъэ ал ъандэрэ Суд приставхэм я махуэр щэкІуэгъуэм и 1-м ягъэлъапІэ, Абы лъабжьэ хуэхъуащ Александр II 1865 гъэм суд уставхэм я Іуэхуэкіэ кьыдигъэкІа унафэр.

СУД приставым и лэжьыгъэр инщ икІи псом япэу зыхуэунэтІар щІыхуэхэм я хуитныныгъэхэмрэ хабзэкІэ я сэбэн зыхэлъхэмрэ хьэмэныр. А кьулыкъур къэралым и суд, гъэзэщІапІэ Іуэ властхэр зэпызыщІэ къару нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Урысейм и ФССП-м куэдкІэ елъытащ судхэм я лэжьыгъэм и мыхьэнэр: суд унафэм къару щиІэр - ар ягъэзащІэмэщ. Суд приставхэр зэманым добакъуэ, щІыхуэхэм жыджэру ядолажьэ, судхэм я унафэкІэ щІыхуэр кьыІахьыжьым и Іуэхуэр нэхъ тынш зэращІыным хущІокъуу.

Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум (ФССП) и Іуэхущапіэу КъБР-м щыІэр къэралым и щІыналъэ Іэнатіэ нэхъыфІхэм ящыщщ. Іуэхущапіэм и лэжьыгъэм щызыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэр кърикІуащ и гупыр зэрызэхъуэтым, я Іэщ Іагъэм зэрыхуэІэижьым, лэжьакІуэхэр я кьалэнхэм фІыуэ зэрыщыгъуазэм. КъБР-м щыІэ УФССП-м и суд пристав-гъэзэщІакІуэхэм ильэс кьэс Урысей ФССП-м и аппарат нэхъыщхьэм иригъэкІуэкІ урысейпсо зэпеуэхэм увыпІэ пашэхэр щеубыд, ехъулІэныгъэ лъагэхэр щагъэльагъуэ. Абыхэм егупъуу ягъэзащІэ судхэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщыным теухуауэ ягъэува хабзэр, я зэман, я гуащІэ емыблэжу я пащхьэм ит кьалэнхэр зэрызэфІахьним яужь итщ: сабий алиментхэр ирагъэт, улахуэр зейм Іэрагъэхьэж, кьызэпауда цІыхум и хуитныныгъэхэр зэфІагъэувэж, бюджет лІэужьыгъуэ псоми хэлъхьэныгъэ хуащІ.

Республикэм и Суд приставхэм щагкІуэгъуэм и 1-м я махуэшхуэм теухуа Іуэхугъуэ гуапэ ирагъэкІуэкІащ - щІэуэ къахьихьахэм тхьэрыІуэ ятащ, лэжьыгъэм кьыжэжаныкІахэр сауГъэтхэмкІэ ягъэпэжащ. Махуэшхуэ зэхьихьэм кърагъэблэгъа я ветеранэр нобэ къаІэныр езыхьэкІхэм псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащ. Щапхъэ, чанджэщэгъу кьахуэхьу нэхъыжьыфІхэм фэеплъ саугъэтхэр ирата щ.

КъБР-м щыІэ УФССП-м и лэжьакІуэхэм адэкІи я Іуэхухэр ирагъэфІэкІуэну, ехъулІэныгъэфІэкІэ зыІэрагъэхьэну, хагъэхъуэну дяпэкІи я мурадщ.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.

ЩІэпхъаджащІэхэм папщІэ лагъымхэр зэпкърилъхьэрт

Шэджэм районым хьыхь Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм дэт пльапсэхэм ящыщ зым щІэпхъаджащІэхэр зэрызыщзэхуэсым, абы лагъымхэри щызэпкърилъхьэнкІэ зэрыхъунум теухуауэ Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ и оперативнэ штабым кьыІэрыихьа хьыбарым ипкъ иткІэ, щэкІуэгъуэм и 4-м унафэ хьащІтащ а щЫпІэм террорым пэщІэтынымкІэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ щІыналъэм и хабзэхэр щыгъэзэвыным теухуауэ. Хабзэхъуэмэ органхэм я лэжьакІуэхэм унэр къаувыхьащ, абы пэгунэгъу льапсэхэм щыпсэуэхэр къыщІагъэкІащ.

ЩІэпхъаджащІэр унэм къыщІэкІыну щыхуагъэувым ар къэзыІуувыхьахэм гранатэхэр къахидзэри, ІэщэкІэ къахэхуэу щидзащ. Абдеж щрагъэжьа зэхэуэм зэрылІыкІым уІэгъэ щытрадзащ щэхурылажьэ бандзэм яхэт, 1989 гъэм къалъхуа цІыхум. ЗэрызэхагъэкІамкІэ, ар лагъымхэр гъэхьэзырынымкІэ Іэпщ Іэлъапщ Іэти, «Къэбэрдейм, Балъкъэрым, Къэрэшеим я вилайят» зыфІаща зэгуэхьэныгъэм хэтхэр лагъым Іэрыщ Іхэмкіэ хъыззригъэпэщырт.

Зэхэуэр щекІуэкІа унэмрэ пщІантІэмрэ къыщалпІыжьхым, къыгъаІуэ пкъыгъуэу куэд, лагъым Іэрыщ Іхэр щызэпкъралъхьэ лабораторэ, ехъулІэдзэу лагъым хьэзырхэмрэ ахэр къагъэуэн папщІэ къагъэсэбэп Іэмэпсымэхэмрэ къагъуэтащ.

Хабзэхъуэмэ органхэм къызэрахутамкІэ, щІэпхъаджащІэхэм загъэхьэзырырт терроризмэм ехьэлІа Іуэху щхьэхуэхэр ялэжьыну, къэрал властымрэ хабзэхъуэмэ органхэмрэ я лэжьакІуэ пыухыкІахэм ятеуэну.

КъБР-м щыІэ Оперативнэ штаб.

ШколакІуэхэр полицейхэм йохъуэхъу

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органым и лэжьакІуэм и махуэм ирихьэлІэу УрысейМВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и актовэ залым щыІэ Іэикъуэ къуажэ дэт сабий коррекционнэ школым и еджакІуэхэм я концерт, Махуэшхуэ Іуэрыіуатэм и жэрдэмщІакІуэ-къызэрыгъэпэщащІ еджапІэм и унафэщІ Къалмыкъ Аллэ.

УЭРЭДЖЬІАКІУЭ, къэфакІуэ ныбжьыщІэхэм къудамэм и лэжьакІуэхэм я гукъыдэжыр къалэтащ, хабзэхъумэхэм я махуэшхуэм теуха усэхэм къеджащ.

КъызэгъэпэщакІуэхэм ягъэхьэзырат полицэмрэ полицейхэмрэ ехьэлІауэ сабийхэм къАІуатэхэм ятеуха видеоролик. Сюжет щхьэхуэр хухэхат зи кьалэн зыгъэзащІэу зэкІуэда хабзэхъумэхэм. Абыхэм я фэеплъым пщІэ хуащІу къызэхуэсахэр дакъикъкІэ щымащ.

Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и лэжьакІуэхэм я сабийхэмрэ абыхэм я егъэджакІуэхэмрэ фІыщІэ хуащІащ, ІэфІыкІэхэмкІэ ягъэхьэщІащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.